



Pou Piblikasyon Imedya: 17/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN DEVLOPMAN LOJMAN 13.5 MILYON DOLA NAN PRI ABÒDAB EPI KI BAY SIPÒ POU GRANMOUN AJE NAN ROCHESTER**

*Apatman pou Granmoun Zion Hill yo ofri 45 kay nan pri abòdab, ki eko-enèjetik nan yon zòn ki rich nan transpò an komen*

*Investisman an ap konplete inisyativ "Finger Lakes Forward" lan – ki se estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo ak devlope ekonomi an*

*Foto yo disponib [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse achèyman yon pwojè devlopman lojman nan pri abòdab epi ki bay sipò ki koute 13.5 milyon dola nan sidès Rochester. Apatman Zion Hill yo ofri 45 apatman nan pri abòdab pou granmoun aje ki gen 55 ane ak plis, avèk sèt apatman ki rezève pou rezidan ki gen bezwen sèvis sipò pou ede yo viv nan fason endepandan.

"Aksè nan lojman ki an sekirite, ki abòdab epi ki gen sipò enpòtan pou ede granmoun aje yo rete an sante, aktif epi angaje nan kominote yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Apatman pou granmoun Zion Hill yo bay yon anviwònman ki konfòtab epi ki sekirize, pandan l ap konplete efò revitalizasyon ki oryante sou transpò piblik nan Rochester a. Devlopman tankou sa yo ap finalman ede nou reyalize yon New York ki pi ekolojik epi pi ekitab pou lavni."

Apatman pou Granmoun Zion Hill yo fè pati gwo plan Gouvènè Hochul yo pou fè lojman pi abòdab, pi ekitab ak pi estab. Ane sa a, Eta a pare pou l atenn objektif Plan Lojman aktyèl li a pou kreye ak prezève 100,000 kay abòdab epi li te deja depase objektif pou kreye 6,000 inite ki gen sèvis sipò. Gouvènè Hochul ap bati sou efò ki pote siksè sa a ak yon pwopozisyon pou yon nouvo Plan Lojman, sou senkan k ap koute 25 milya dola pou kreye ak prezève 100,000 kay anplis nan zòn iben ak riral yo toupatou nan New York ki gen ladan 10,000 kay ak sèvis sipò. Jan sa te souliyen nan Bidjè Egzekitif 2023 li a, Zion Hill aksantye tou angajman Gouvènè a pou ankouraje devlopman lojman plizyè fanmi ki toupre transpò piblik, tout sa pou fè pwomosyon bon mache pandan l ap diminye ensekirite lojman an epi ensite kwasans ekonomik. Mobilite sosyal ak ekonomik ak diminyon emisyon gaz efè sèr se eleman kle pwopozisyon sa tou.

Devlopman an konpoze ak yon sèl bilding nan fòm L nan ang Dr. Samuel McCree Way ak Wooden Street. Avèk sèvis souvan sou divès wout bis, kote sa te deziyen kòm yon "Koridò Transpò an Komen" pa vil Rochester epi yo te idantifye l kòm yon sib pou devlopman estratejik.

Tout 45 apatman yo nan pri abòdab pou fanmi ki ap touche 50 pousan nan Revni Mwayen Zòn lan oswa pi piti pase sa. Sèt fanmi ap gen aksè nan sèvis sipò sou plas ke Rochester Management, Inc. bay.

Bilding lan ofri anpil fonksyon sekirite ki genyen ladan yo kapèt ak balistrad nan koulwa prensipal yo, ak ba pou apiye nan chak apatman po diminye risk pou tonbe. Chak apatman gen yon sistèm kominikasyon ijans tou. Genyen senk apatman ki adapte nèt pou demenajman pou lokatè ki gen mobilite ki afebli ak de apatman ki adapte nèt epi ki pare pou denajman pou lokatè ki gen pwoblèm vizyèl ak pou tandè.

Apatman pou Granmoun Zion Hill yo genyen fonksyon eko-enèji; tankou ekleraj LED, aparèy ki sètifye Energy Star, founo ki efikas, ak inite kondansasyon pou chofaj ak frechè. Ekipman rezidansyèl siplemantè yo genyen ladan yo enstalasyon pou lesiv, yon sal kominotè ki gen kwizin, yon sal fitnès ak yon teras sou twati a. Chak apatman gen yon balkon oswa teras ak espas pou estokaj.

Ekip devlopman an se yon asosyasyon ant Zion Hill Missionary Baptist Church ak Rochester Management, Inc.

Sipò Eta a pou Apatman pou Granmoun Zion Hill yo genyen ladan l Kredi Enpo federal pou Lojman pou Revni ki Fèb yo ki jenere 8.8 milyon dola fon ak 3.5 milyon dola sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la. Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) pral bay 45,000 dola pou sipò. Vil Rochester ak Bank Prè Imobilye Federal la (Federal Home Loan Bank) te bay plis finansman. Otorite Lojman Rochester (Rochester Housing Authority) ap bay 8 Koupon pou Chwa Lojman.

**Komisè HCR RuthAnne Visnauskas te deklare,** "Tout Nouyòkè merite pou yo vyeyi ak kay ki gen sekirite ke yo ka peyi nan kominote yo renmen. Zion Hill ap bay katye enpòtan sa apatman ki fèt avèk swen ki gen fonksyon eko-enèji, epi ki adapte nan kote ki gen transpò an komen. Nou rekonesan pou patenarya nou ak kominote kretyen Rochester a, ki enklè Zion Hill Missionary Baptist Church, ak Rochester Management, Inc., ki bay angajman nou an fòm pou fè vil sa yon pi bon kote toujou pou viv."

**Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare,** "Lè nou koupe riban pou Apatman pou Granmoun Zion Hill yo, granmoun vilnerab yo gen aksè ki ogmante kounye a nan lojman abòdab epi ki bay sipò ki pa sèlman an sekirite epi konfòtab, men tou ki konsantre sou efikasite enèji. NYSERDA ak eta a angaje pou diminye emisyon danjere yo pandan y ap asire ke tout Nouyòkè benefisye tranzisyon

nan direksyon enèji pwòp la pandan n ap fè objektif Gouvènè Hochul pou reyalize de milyon kay ki ekolojik vè 2030 lan avanse."

**PDG ak Direktè Egzekitif Rochester Management, Inc., Peggy J. Hill te deklare,** "Nou kontan anpil pou kapab pote bèl lojman modèn, epi abòdab ki tèlman nesèsè pou granmoun nan vil Rochester yo epi bay kay k ap adapte pou reponn ak bezwen yo pandan y ap avanse nan laj."

**Rev. Dr. Richard Douglas nan Zion Hill Missionary Baptist Church te deklare,** "Zion Hill se yon legliz ki angaje nan responsabilizasyon espirityèl ak elevasyon kominote a."

**Senatè Jeremy Cooney te deklare,** "Kolaborasyon ak investisman sa abòde yon bezwen ki enpòtan anpil pou lojman nan pri ki abòdab ki bay sipò pou granmoun nan kominote nou an. Nou rekonesan pou patenarya Biwo Renovasyon Kay ak Kominote Eta NY, Zion Hill Missionary Baptist Church, ak Rochester Management, Inc. dèske yo konsantre sou bezwen yon popilasyon ki vilnerab nan rejyon nou an. Mwen pa ka tann pou devlopman alavni nan "Koridò ki Transpò an Komen" an pou angajman kontini Eta New York anvè granmoun nou yo.

**Chèf Egzekitif Konte Monroe a Adam Bello te deklare,** "Granmoun nou yo merite lojman ki abòdab ki reponn ak bezwen yo pou viv an sante, nan fason endepandan. Pwojè tankou sa se yon pati kle nan angajman administrasyon mwen an pou pi bon enfrastrikti pou tout moun. Mwen remèsye, Gouvènè Kathy Hochul, Majistra Malik Evans, Zion Hill Missionary Baptist Church ak Rochester Management, Inc. dèske yo fè pwojè devlopman lojman enpòtan sa vin yon reyalyte."

**Majistra Malik Evans, te deklare,** "Apatman pou Granmoun Zion Hill yo se yon senbòl pwogrè pou vil nou an. Achèvmman li reponn a yon bezwen enpòtan nan kominote nou an pou lojman dekalite, bon mache epi kontinye revitalizasyon zòn Bull's Head la. Mwen rekonesan pou patenarya kontini Vil la ak lidè lokal ak moun ki konsène nou yo nan kominote a ki kontinye pousit nou pou lojman ekitab pou tout moun."

### **Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward**

Anons jodi a vin konplete pwogram "Finger Lakes Forward", ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou investi nan endistri kle, sa enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ak manifakti avanse. Kounye a, rejyon an ap akselere Finger Lakes Forward gras ak yon investisman 500 milyon dola Eta a ap fè nan kad Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a. Investisman 500 milyon dola Eta a pral ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan yo soumèt li a, prevwa jiska 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)